



## DIVISION OF STUDENT AFFAIRS

Nouvèl Zafè Etidyan pou OU: Asosyasyon Anplwaye Latino-Ameriken, Seri Aprantisaj ak Kwasans, sit entènèt ADS

Lendi 23 oktòb 2023

Chè Kòlèg,

Mwen espere w ap kontinye jwenn fason pou pran swen tèt ou ak lòt moun pandan nou temwen epi nou ap viv konfli ant Izrayèl ak Gaza a ki ap kontinye. Toujou sonje gen moun ak sèvis ki la pou soutni w, si sa nesèsè.

Mwen te reflechi sou dènye reyinyon Piblik DSA a, alòske nou rive nan fen pwosesis planifikasyon estratejik nou an. Mwen vle remèsye plizyè santèn manm pèsònèl DSA yo ki te pataje kòmantè yo jou sa a, epi pandan tout ane sa a ki pase a. Nou te voye kòmantè final nan reyinyon Piblik DSA a bay yon konsiltan, ki ap prepare yon pwojè final pou moun ki ap dirije divizyon an egzamine nan mitan novanm. Nou ap pibliye vèsyon final la nan kòmansman semès prentan 2024 la. Epitou, nou ap pibliye plan sa a avèk yon estrateji pou mete li sou pye.

Plan estratejik sa a ap trase chemen pou divizyon nou an suiv pandan senk (5) pwochen ane yo. Ladan li gen yon bon pati nan gwo travay ou deja ap fè a. Kòmantè w yo te gen anpil valè! Mwen konnen nou ap kontinye fè anpil gwo bagay ansanm grasa vizyon travay pataje sa a nou genyen an, yon vizyon nou te kreyen ansanm antanke kòlèg divizyon an.

### **Envesti nan Moun ak nan Kominote Nou an**

#### **Asosyasyon Anplwaye Latino-Ameriken nan UMD**

[Asosyasyon Anplwaye Latino-Ameriken \(Latinx/a/o/e Employee Association, LEA\)](#) a, te lanse ofisyèlman! LEA atire atansyon sou divèsite ki gen nan kominote Latino-Ameriken nou gen sou kanpis la epi li defann bezwen ak enterè yo. Objektif li se ranfòse sans kominote Latino-Ameriken an, ogmante rekritman ak konsèvasyon elèv, manm pèsònèl, ak pwofesè Latino-Ameriken yo, soutni devlopman pwofesyonèl epi angaje nan yon seri inisyativ sansibilizasyon ak mantora. [Rejwenn lis difizyon an](#) epi/oswa [vin yon manm!](#)

#### **Seri Aprantisaj ak Kwasans DSA a Lanse Semèn sa a**

Nou ap kontinye suiv angajman nou pran pou mete w alèz grasa lansman nouvo Seri Aprantisaj ak Kwasans DSA a! Seri sa a nou pwopoze chak mwa, ap konsantre sou Uit (8) Dimansyon Byennèt yo. Dimansyon sa yo rekonèt entè-koneksyon ki genyen ant byennèt sosyal, fizik, emosyonèl, finansye, anvivòmantal, entèlektyèl ak pwofesyonèl nou. Sesyon sa yo fèt pou ede w amelyore byennèt ou

an jeneral, epi pou w mennen yon vi ki plis an sante, ki bay plis satisfaksyon. [Enskri pou yon sesyon ki ap vini](#)—premye a se pou vandredi 25 oktòb sa a, a 1 p.m.

### **Mizajou nan Sèvis Aksesibilite ak Andikap la (Accessibility & Disability Service, ADS)**

[ADS lanse yon nouvo sit entènèt ki elaji!](#) Yo te devlope sit la nan kolaborasyon avèk elèv ki enskri nan ADS yo, Reprezantan elèv yo sou tout kanpis la, ak kòlèg epi patnè nou yo sou kanpis la. Li bay enfòmasyon konplè sou moun ki kalifye pou jwenn amenajman pou andikap, ak fason ADS soutni elèv ki gen andikap yo:

- Pwosesis enskripsyon ak posibilite pou fè konvèsasyon avèk manm pèsònèl ADS yo
- Yon seri konsèy pèsònalize pou divès popilasyon elèv (pa egzanp, diplome, premye sik)
- Aksè nan amenajman pou elèv yo nan inivèsite, espas travay, ansanm ak lojman
- Atire atasyon sou resous kanpis la pou elèv, pwofesè, ak manm pèsònèl la

Anplis nouvo sit entènèt la, kounye a, yo konnen inite Sèvis pou Moun Soud ak Moun ki Pa Tande Byen ADS la (Deaf and Hard of Hearing Services, DHHS) sou non Sèvis Aksè nan Kominikasyon (Communication Access Services, CAS). Chanjman sa a pi byen koresponn ak pakèt travay nou reyalize nan inite sa a. CAS ap kontinye bay entèprèt lang siy, sèvis transkripsyon ak soutit pou elèv inivèsite yo, epi li ap bay konsèy ak ekspètiz pou depatman ak lòt antite sou kanpis la, ki bezwen èd yon fason pou yo pwograme sèvis sa yo.

### **Èske w te Konnen?**

- Ou kapab gen aksè nan fichye ak videyo evènman DSA ki pase yo, tankou Konvèsasyon Konsèy la ak Reyinyon Piblik yo, nan [fichye Google Evènman Divizyon an](#)? Lè w ale nan fichye a, asire w ou konekte sou kont imèl inivèsite ou a pou w kapab wè evènman ki pase yo!
- Kantite mwayèn tranzaksyon nan estann konsesyon an, Sèvis Restorasyon an ap jere, pandan yon match foutbòl ameriken sezon sa a, se 14,805.
- Gen anviwon 25 gwoup elèv, ak 6 gwoup ki pa sou kanpis la, ki enskri pou travay nan estann konsesyon yo pou kolekte fon pou pwogram yo a. Epitou, Sèvis Restorasyon an peye òganizasyon ki pa sou fè lajan sa yo plis pase \$140,000 sou fòm Komisyon pou Estann Konsesyon yo!
- Sezon ete sa a, nou te rekòlte 15,435 liv tomat nan jaden nou yo, sa ki te pèmèt nou pwodui 2,950 galon marinara fre ak 265 galon sòs pou pizza abaz lay woti ak bazilik. Epitou, nou te rekòlte 1,290 liv bazilik fre, sa ki te pèmèt nou pwodui 697 pent pesto abaz bazilik fre.

*Èske w gen yon enfòmasyon enteresan oswa yo pa tèlman konnen ou panse lòt moun nan DSA kapab renmen konnen? Voye li pa imèl pou nou nan [vpsa@umd.edu](mailto:vpsa@umd.edu) epi nou kapab ajoute li nan yon pwochen mesaj Nouvèl DSA pou Ou. Epitou, ou kapab voye kesyon w vle jwenn repons yo ban nou!*

Se pou nou tout kontinye dirije avèk lanmou, bonte, ak atansyon,

Patty Perillo, Ph.D.

Vis Prezidan pou Zafè Elèv yo, University of Maryland  
li (pwonon feminen)

**Anrejistre Dat yo**

- [Konprann epi Afwonte Atak Politize yo fè Kont Divèsite, Ekite ak Entegrasyon nan Edikasyon](#): Mèkredi  
25 oktòb, 5:30 p.m., The Hotel